## Махуэ ирехъу Гъэтхапэ 14, Адыгэбзэм и Махуэр

ХабзэфI зэрыхъуащи, Берсей Умар зэхилъхьа АдыгэбзэкIэ тха япэрей тхылъ «Шэрджэс алыфбей» тхылъыр 1853 гъэм къыщыдэкIа гъэтхапэ мазэм и 14-р Адынэ Республикэ-м щагъэлъапIэ илъэс 2000 лъандэрэ Адыгэбзэм и Махуэу. Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2003 гъэм игъэуващ Гъэтхапэм и 14-р «Адыгэбзэмрэ Адыгэ Литературэмрэ и Махуэу».

Зы лъэпкъым и бзэр зэпсэлъэныгъэм и Iэмэпсымэ къудеиным къыщымынэу, лъэпкъым зэрызищIэж Iэмалщ, абы и щIэныгъэщ, и тхыдэщ. Анэдэлъхубзэр щымыIэмэ лъэпкъым и къэкIуэнур зэрыщымыIэм къыхэкIыу, гъащIэ, щыIэныгъэ зимыхьэнэ бзэхэр хъумэн хуеищ.

Тырку къэралъыгъуэм зэрихабзэу, Курд лъэпкъым ирихьэлIэ асимилацэ политикэр Адыгэ лъэпкъыми ирехъалIэр, Адыгэ лъэпкъыр зыхуеихэр имылъагъунэпцI зэщIыр.

Демокрасиер пеж зыщIынур, лъэпкъхьэм, анэдэлъхубзэхэм, шэнхабзэхэм, фIэщхъуныгъэхэм я хуитыныгъэращ, къэралъ хабзэ нэхъыщхьэм хьэтха я зэхуэдэныгъэращ. Аращи, Тырку къэралым ис цIыхухэр зэрыбзэмрэ зэрыщэнхабзэбэмрэ гулъытэныгъэ хуэщIурэ анэдэлъхубзэхэм Хуэфащэ псэур хабзэу къэщтэн хуеищ. И бзэрэ и щэнхабзэрэ хуиту зымыгъэпсэуф лъэпкъ псэум хуэдэкъабзэу, Адыгэхэм я бзэмрэ я щэнхабзэмрэ зхьэкIэрэ, хуитыныгъэрэ зэхэуэдэныгъэрэ зыхэлъ гъащIэм папщIэ ябэнэныгъэм дыкъуэтынущ.

**Махуэ ирехъу Гъэтхапэм и 14 Адыгэбзэи и Махуэр**

**Гъэтхапэ 14, 2025**
**Бзэ, щэнхабзэ, искусство комиссие**